



Office of Temporary and Disability Assistance

BIWO ODYANS ADMINISTRATIF

AVI SOU ODYANS NAN TELEFÒN

Ou gen randevou pou yon odyans nan telefòn. Ou pa bezwen ale nan Biwo Odyans San Patipri a.

Avi sou Odyans San Patipri a ki enkli nan anèks sa endike dat ak lè odyans nan telefòn nan.

Si ou gen yon randevou nan maten, ou dwe disponib nan telefòn ou apati 9:00 am rive 1:00 pm pou aksepte yon apèl Ofisye Odyans lan. Si ou gen yon randevou nan apremidi, ou dwe disponib nan telefòn ou apati 1:00 pm rive 5:00 pm pou aksepte yon apèl Ofisye Odyans lan.

Apèl Ofisye Odyans lan ka parèt sou Idantifikasyon Apelan tankou 518.549.0500, Bloke oswa 212.459.7801.

W ap kapab tande prezantasyon ajans lan nan telefòn nan epi w ap gen yon chans pou w poze reprezantan ajans lan ak nenpòt temwen kesyon. W ap gen yon chans nan telefòn nan pou w eksplike pwòp vèsyon w sou pwoblèm nan ki nan revizyon.

Si ou gen yon reprezantan, li ta dwe disponib nan telefòn apati 9:00 am rive 1:00 pm pou yon randevou nan maten pou aksepte yon apèl Ofisye Odyans lan. Reprezantan ou an ta dwe disponib nan telefòn apati 1:00 pm jiska 5:00 pm pou yon randevou nan apremidi pou aksepte yon apèl Ofisye Odyans lan. Ou ta dwe soumèt otorizasyon alekri pou reprezante a bay Ofisye a ansanm ak nenpòt dokiman siplemantè ou vle yo ajoute nan dosye a. Reprezantan w lan pral gen chans pou egzamine fichye ajans lan ak pou poze ajans lan ak nenpòt temwen kesyon.

Apelan ak reprezantan otorize yo resewva enstriksyon pou voye kopi prèv dokimantè bay OAH omwen de jou ouvrab anvan odyans lan. OAH aksepte prèv atravè imèl, faks oswa kourye. Si w ap itilize kourye, tanpri konsidere tan livrezon an pou asire prèv la livre alè.

Imèl: appdocs@otda.ny.gov

Faks: 518-473-6735

Lapòs: Office of Administrative Hearings, 40 N Pearl St, Fl 15B, Albany NY 12243 oswa
PO Box 1930 Albany NY 12201

Si ou gen nenpòt kesyon konsènan pwosedi anwo yo, tanpri rele liy gratis Biwo sa nan 800-342-3334 pou asistans.

Avi sou Odyans nan Telefòn
Lèt D (Anèks nan OAH-457)